

Nou dwe itilize fòm sa a pou enskri timoun ki gen mwens pase 18 lane nan yon Health Home. Fòm sa a dekri ki enfòmasyon sou sante nou kapab pataje epi avèk kiyès nou kapab fè sa tou.

\*[Tanpri remake, timoun ki gen mwens pase 18 lane ki se paran, ki ansent, epi/oswa ki marye, epi ki nan nenpòt lòt fason kapab bay konsantman yo, pa dwe itilize fòm sa a. Nan plas li, yo dwe itilize fòm Konsantman pou Pataje Enfòmasyon sou Pasyan ki nan Health Home (DOH 5055)].

**Enstriksyon pou paran, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a:**

Se paran timoun nan, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize ki dwe ranpli *seksyon 1* nan fòm sa a. Nou defini Reprezantan legal ki otorize a nan objektif pou pataje enfòmasyon sou sante a konsa "yon moun oswa yon ajans ki otorize nan Eta a, nan yon tribi, nan lame oswa dapre lòt lwa ki aplikab, yon òdonans tribinal, oswa yon konsantman pou aji nan non yon moun pou pataje enfòmasyon medikal". Mete tout pwofesyonèl swen sante timoun lan ki kapab pataje enfòmasyon sou sante timoun lan. Enfòmasyon sante y ap pataje yo ka la anvan ak apre dat ou siyen fòm sa a. Pwofesyonèl sa yo kapab pataje enfòmasyon sa yo youn ak lòt, epi avèk ajans ki ap jere swen timoun lan ki gen non li anba a. Yo pa kapab bay lòt moun enfòmasyon ki gen rapò ak timoun lan sof si ou dakò, oswa lalwa di yo kapab fè l. Timoun nan kapab kenbe konfidansyèl nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak sèvis timoun nan bay konsantman l pou resevwa ki dekri nan *Seksyon 2 a*, li gen ladan l planin familyal ak kontrasepsyon annijans, avòtman, tès ak tretman enfeksyon moun pran nan fè bagay, tès ak tretman VIH, prevansyon VIH, swen anvan akouchman, tranche ak sèvis akouchman, tretman pou moun ki pran dwòg ak alkòl, oswa sèvis pou agresyon seksyèl. Si ou te bay konsantman w pou nenpòt nan sèvis sa yo pou timoun nan, alò ou ka gen otorite pou bay konsantman w pou pataje enfòmasyon konsènan sèvis sa yo, epi ou kapab mete pwofesyonèl yo nan *Seksyon* sa a. **Remak:** timoun nan ka gen pou li bay konsantman l pou nou pataje enfòmasyon sa yo tou.

Se timoun nan avèk responsab swen an ki pou ranpli *Seksyon 2* ki nan fòm sa a apa youn ak lòt. *Timoun ki gen 10 lane oswa plis kapab bay konsantman yo pou pataje oswa pou pa pataje enfòmasyon ki gen rapò ak kèk kalite sèvis ki pwoteje. Anplis, si timoun nan oswa adolesan an ap resevwa yon fason espesifik sèvis pou pwoblèm sante mantal oswa pou twoub devlopman, epi li gen plis pase 12 lane, pwofesyonèl ki ap bay sèvis pou pwoblèm sante mantal la epi/oswa twoub devlopman an ka mande timoun nan oswa adolesan an si li vle nou pataje enfòmasyon yo.*

**Enstriksyon pou Responsab Swen an:** Se paran timoun nan, responsab legal, oswa reprezantan legal ki otorize a ki pou ranpli *Seksyon 1* an. Li mete tout pwofesyonèl swen sante timoun lan ki kapab pataje enfòmasyon sou sante timoun lan. Mete ajans ki ap jere swen timoun lan kòm pwofesyonèl anba a. Pwofesyonèl sa yo kapab pataje tout enfòmasyon sou sante, sof enfòmasyon ki gen rapò ak sèvis kote timoun nan kapab bay konsantman l poukонт li, tankou planin familyal ak kontrasepsyon annijans, avòtman, tès ak tretman enfeksyon moun pran nan fè bagay, tès ak tretman VIH, prevansyon VIH, swen anvan akouchman, tranche ak sèvis akouchman, tretman pou moun ki pran dwòg ak alkòl, oswa sèvis pou agresyon seksyèl. Si paran, responsab legal, oswa reprezantan legal ki otorize a bay konsantman l nan non timoun lan pou avòtman, tès ak tretman enfeksyon moun pran nan fè bagay, tès ak tretman VIH, prevansyon VIH, tretman pou moun ki pran dwòg ak alkòl, nou ap kapab pataje enfòmasyon yo sèlman si timoun nan bay konsantman l pou nou fè sa nan *Seksyon 2* a tou. Fè kopi paj anba a si li nesesè pou w kapab mete tout pwofesyonèl ki gen otorizasyon yo. Si ou bezwen fè mizajou nan lis sa a alavni (swa pou ajoute oswa pou retire yon non), tanpri mande paran, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a pou li chwazi swa AJOUTE oswa RETIRE. Epitou, li dwe mete inisyal ak dat la bò kote chak nouvo enfòmasyon li rantre oswa retire. *Epitou, HHCM la dwe mete inisyal li bò kote chak chanjman ki fèt.*

**Enstriksyon pou pwofesyonèl k ap patisipe yo:** Si yo mete non w oswa non ajans ou an nan lis ki nan *Seksyon 1* an, ou ka pataje enfòmasyon sou sante timoun nan, sof pou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak sèvis kote timoun nan kapab bay konsantman l poukонт li, tankou planin familyal ak kontrasepsyon annijans, avòtman, tès ak tretman enfeksyon moun pran nan fè bagay, tès ak tretman VIH, prevansyon VIH, swen anvan akouchman, tranche ak sèvis akouchman, tretman pou moun ki pran dwòg ak alkòl, oswa sèvis pou agresyon seksyèl. Ou ka pataje enfòmasyon sa yo si ou resevwa otorizasyon pou fè sa nan *Seksyon 2* ki nan fòm sa a. Si paran, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a bay konsantman l nan non timoun lan pou avòtman, tès ak tretman enfeksyon moun pran nan fè bagay, tès ak tretman VIH, prevansyon VIH, tretman pou moun ki pran dwòg ak alkòl, nou ap kapab pataje enfòmasyon yo sèlman si timoun nan bay konsantman l pou nou fè sa nan *Seksyon 2* a tou. Si ou resevwa yon kopi *Seksyon 2* pou fòm konsantman sa a, tanpri egzamine li avèk atansyon pou idantifye otorizasyon timoun nan bay Responsab Swen Health Home pou pataje enfòmasyon espesifik avèk ou. **REMAK:** Si ou PA resevwa *Seksyon 2* a, timoun nan pa bay otorizasyon l, poutèt sa nou PA ka divilge oswa pataje enfòmasyon sa yo avèk ou.

**Seksyon 1:** Se paran timoun nan, responsab legal oswa reprezantan legal la ki otorize a ki pou ranpli seksyon sa a.

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen dakò:

1. Yo te eksplike m timoun ki gen non l ekri anwo a kalifye pou li nan yon Health Home.
2. Timoun ki gen non l ekri anwo a enskri nan Health Home ki endike anwo a.
3. Mwen te gen chans pou mwen egzamine Fich ki gen Keson Moun Poze Souvan sou Health Home la, epi mwen te jwenn repons pou keson mwen yo.
4. Mwen konprann kisa Pwogram Health Home la ye ak kòman li kapab ede timoun nan. Mwen konprann kisa sa vle di lè yon moun enskri nan yon Health Home ak poukisa y ap pataje enfòmasyon sou sante timoun sa a.
5. Health Home la ak nenpòt moun mwen site nan *Seksyon 1* anba a kapab \_\_\_\_\_  
pataje enfòmasyon sou sante l youn ak lòt, jan yo dekri l nan Enstriksyon  
anwo a. Epitou, y ap fè sa nan objektif pou jere swen li ap resevwa nan  
Pwogram Health Home lan. Yo ka pataje enfòmasyon ki la anvan oswa apre dat mwen siyen fòm sa a.
6. Health Home la ka jwenn enfòmasyon sou sante timoun lan, li gen ladan l dosye medikal ki nan men patnè ki site nan fen fòm sa a  
epi/oswa nan men lòt moun atravè sistèm elektwonik sa yo:
  - Rezo Enfòmasyon sou Sante nan Tout Eta a pou New York (Statewide Health Information Network, SHIN-NY): Se Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) ki jere SHIN-NY la. SHIN-NY rasanble ak estoke enfòmasyon sou sante, li gen ladan l dosye medikal, ki sòti nan men doktè yo ak pwofesyonèl swen sante yo;
  - Sistèm Amelyorasyon Sèvis Sikyatrik ak Konesans Klinik (Psychiatric Services and Clinical Knowledge Enhancement System, PSYCKES): Se New York State Office of Mental Health (Biwo pou Sante Mantal nan Eta New York) ki ap jere PYSKCES, li rasanble ak estoke tretman medikal ou resevwa nan men doktè ak pwofesyonèl swen sante ki fè pati pwogram Medicaid la;
  - TABS/CHOICES: Se Biwo pou Moun ki gen Twoub Developman nan Eta New York (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) ki ap jere TABS/CHOICES. TABS/CHOICES rasanble ak estoke enfòmasyon pou moun ki gen andikap entèlekyèl epi/oswa andikap devlopman (intellectual and/or developmental disabilities, I/DD), yo ofri sèvis sa a atravè sistèm sèvis OPWDD.
7. Anplis, Health Home la ka bezwen pataje enfòmasyon ki gen rapò ak timoun lan avèk Pwen Aksè Inik Lokal (Single Point of Access, SPOA) pou ede Responsab Swen Sante Health Home la kowòdone aksè nan sèvis sante mantal ki nesesè yo. SPOA kapab konsilte done yo selon Seksyon 41.05 ki nan lwa sou Ijyèn Mantal epi selon otorite li genyen ki nan Seksyon 41.07 ak 41.13. Ou kapab bay otorizasyon pou kontakte SPOA sou paj Pwofesyonèl ki anba a.

Mwen konprann fòm konsantman sa a ranplase lòt fòm konsantman pou pataje enfòmasyon Health Home mwen ka te siyen anvan nan non timoun nan. Konsantman sa a ap rete anplas jiskaske:

- Mwen retire timoun nan, oswa
- Timoun nan pa kalifye ankò pou yon Health Home, oswa
- Health Home la p ap fonksyone ankò, oswa
- Timoun nan gen laj oswa li nan sitiyasyon pou li bay konsantman l poukont li (ranpli DOH-5055)

Mwen kapab fè chanjman nan fòm sa a nenpòt kilè. Si mwen fè chanjman, mwen dwe mete inisyal mwen ak dat la jan sa endike a (oswa nan kaz ki dezinye a). Mwen kapab toujou retire konsantman sa a nan non timoun nan pandan m ap kontakte Responsab Swen, Ajans ki Jere Swen an, oswa Health Home la.

**Mwen konprann yo p ap pataje enfòmasyon sou timoun lan, si mwen pa siyen fòm konsantman sa a.**

**Fè kopi paj sa a si li nesesè pou w mete tout patnè ki ap patisipe yo ak lòt moun paran, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a apwouye**

Mete tout pwofesyonèl swen sante timoun lan ki kapab pataje enfòmasyon sou sante timoun lan anba a. Enfòmasyon sante y ap pataje yo ka la anvan oswa apre dat ou siyen fòm sa a. Pwofesyonèl sa yo kapab pataje enfòmasyon sa yo youn ak lòt, epi avèk ajans ki ap jere swen timoun lan ki gen non li anba a.

Si nan NENPÒT KI MOMAN gen chanjman nan paj sa a, paran an, responsab legal la, oswa reprezantan legal ki otorize a DWE chwazi si chanjman an se pou AJOUTE oswa RETIRE founisè, epi li dwe mete DAT ak INISYAL yo bò chanjman ki fèt yo nan kaz anba a. Responsab Swen Health Home (Health Home Care Manage, HHCM) la dwe mete INISYAL li bò kote tout chanjman yo tou.

Ajans ki Responsab pou Jere Swen nan Health Home la:

Ajoute oswa Retire	Dat Chanjman an	Inisyal Paran, Responsab Legal oswa Reprezantan Legal ki Otorize a	Inisyal HHCM
--------------------	-----------------	--	--------------

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Plan ki Jere Swen Medicaid ou:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Doktè ki Bay Premye Swen:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Lopital:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Ajans pou Fanmi Akèy:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Pwofesyonèl Sante Konpòtmantal:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non SPOA/LGU:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Pwofesyonèl la:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Pwofesyonèl la:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Pwofesyonèl la:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Pwofesyonèl la:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Pwofesyonèl la:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Pwofesyonèl la:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Pwofesyonèl la:

<input type="checkbox"/> Ajoute			
---------------------------------	--	--	--

<input type="checkbox"/> Retire			
---------------------------------	--	--	--

Non Pwofesyonèl la:

## POU RANPLI AVÈK TIMOUN LAN SÈLMAN

**Seksyon 2:** Timoun oswa jèn lan dwe gen 10 lane oswa plis pou egzamine ak ranpli seksyon sa a.

**Enstriksyon:** Nou dwe ranpli Seksyon 2 a apre tout pati ki nesesè yo fin ranpli ak siyen nan Seksyon 1 an. Pou nou ranpli Seksyon 2 a, timoun oswa jèn lan dwe gen 10 lane oswa plis. Se Responsab Swen Health Home la avèk timoun lan ki pou ranpli Seksyon 2 nan fòm sa a. Lè n ap ranpli fòm sa li dwe fèt an prive, san paran timoun nan, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a, pou pèmèt enfòmasyon yo rete konfidansyèl.

**Seksyon 2 – Pati A:** Timoun ki gen 10 lane oswa plis kapab bay konsantman yo pou pataje oswa pou pa pataje enfòmasyon ki gen rapò ak kèk kalite sèvis ki pwoteje jan sa di anba a: Planin familyal; Kontrasepsyon annijans; Avòtman; Pwofesyonèl ki fè tès ak tretman VIH; Prevansyon VIH; Pwofilaksi pou anvan eksposizyon an ak apre eksposizyon an (PrEP/PEP); Tretman ak tès pou enfeksyon moun pran nan fè bagay. Swen anvan akouchman, tranche ak sèvis akouchman; tretman pou moun ki pran dwòg ak alkòl; oswa sèvis pou agresyon seksyèl.

**Seksyon 2 – Pati B:** Timoun ki gen 12 lane oswa plis kapab bay konsantman yo pou pataje oswa pou pa pataje enfòmasyon ki gen rapò ak sèvis y ap resevwa pou pwoblèm sante mantal oswa twoub devlopman. Pwofesyonèl k ap ofri sèvis pou pwoblèm sante mantal la epi/oswa twoub devlopman an ka mande timoun lan oswa adolesan an si li vle nou pataje enfòmasyon yo.

**Seksyon 2 – Nou DWE ranpli pati A ak B a sof si:** timoun nan pa reponn ak laj obligatwa ki presize a (10 lane oswa 12 lane); timoun nan pa vle oswa li pa kapab ranpli seksyon sa a; timoun nan pa idantifye okenn sèvis ki pwoteje; timoun nan pa idantifye okenn sèvis pou pwoblèm sante mantal oswa andikap nan devlopman; OSWA, paran timoun nan, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a pa bay otorizasyon pou HHCM la rankontre timoun nan poukont li pou egzamine Seksyon 2 a. Si gen nenpòt nan rezon sa yo ki aplike, HHCM la **DWE** mete rezon yo aklè nan dokiman ki pral nan dosye timoun lan, epi ranpli *Zouti pou Suivi Jesyon Swen Home Care pou Seksyon 2 a*, epi kontinye eseye jwenn enfòmasyon sa yo nan yon lòt dat pou ede manm lan kowòdone sèvis sa yo.

### SEKSYON 2 – PATI A:

Mwen \_\_\_\_\_ konprann mwen kapab bay konsantman m pou kèk kalite sèvis swen sante san paran, responsab legal

Non Timoun lan

oswa reprezantan legal otorize pa konn sa a. Sèvis sa yo se: Planin familyal; Kontrasepsyon annijans; Avòtman; Pwofesyonèl ki fè tès ak tretman VIH; Prevansyon VIH; Pwofilaksi pou anvan eksposizyon an ak apre eksposizyon an (PrEP/PEP); Tretman ak tès pou enfeksyon moun pran nan fè bagay. Swen anvan akouchman, tranche ak sèvis akouchman; tretman pou moun ki pran dwòg ak alkòl; oswa sèvis pou agresyon seksyèl. Epitou, mwen kapab deside kiyès ki otorize pou jwenn ak pataje enfòmasyon mwen yo pou sèvis sa yo.

Nenpòt chanjman ki fèt nan seksyon sa a dwe gen inisyal ak dat la, timoun lan ak Responsab Swen Health Home (HHCM) ki fè l la anba a.

Mwen retire otorizasyon m te bay pou pataje enfòmasyon sou sèvis sa yo avèk paran m, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a jan sa di anba a:

Kalite Sèvis ak Non Pwofesyonèl la epi/oswa Ajans lan	Dat	Non Paran, Responsab Legal oswa Reprezantan Legal ki Otorize a	Inisyal Timoun lan	Dat	Inisyal HHCM	Dat

Nenpòt chanjman ki fèt nan seksyon sa a dwe gen inisyal ak dat la, timoun lan ak Responsab Swen Health Home (HHCM) ki fè l la anba a.

Mwen retire otorizasyon m te bay pou pataje enfòmasyon sou sèvis sa yo avèk pwofesyonèl la, jan sa di anba a:

Kalite Sèvis ak Non Pwofesyonèl la epi/oswa Ajans lan	Dat	Non Pwofesyonèl la	Inisyal Timoun lan	Dat	Inisyal HHCM	Dat

**SEKSYON 2 – PATI B:** Si ou ap resevwa sèvis pou pwoblèm sante mantal epi/oswa andikap nan devlopman, epi ou gen plis pase douz lane, pwofesyonèl ou a ka mande w si ou vle pataje enfòmasyon ou yo avèk lòt moun. Si ou pa dakò, pwofesyonèl ou a ka: refize demann lan nèt, voye sèlman yon pati nan dosye a, oswa voye yon rezime dosikal ou an.

Mwen dakò pou pataje enfòmasyon sou sèvis sa yo avèk paran m,  
responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize ki site anba a:

Kalite Sèvis ak Non Pwofesyonèl la epi/oswa Ajans lan	Dat	Non Paran, Responsab Legal oswa Reprezantan Legal ki Otorize a	Inisyal Timoun lan	Dat	Inisyal HHCM	Dat
Sèvis pou Pwoblèm Sante Mantal:						
Sèvis pou Twoub Devlòpman:						

Mwen dakò pou pataje enfòmasyon sou sèvis sa yo avèk pwofesyonèl ki site anba a:

Kalite Sèvis ak Non Pwofesyonèl la epi/oswa Ajans lan	Dat	Non Pwofesyonèl la	Inisyal Timoun lan	Dat	Inisyal HHCM	Dat
Sèvis pou Pwoblèm Sante Mantal:						
Sèvis pou Twoub Devlòpman:						

Lè mwen siyen Seksyon 2 fòm sa a, mwen dakò:

1. Mwen te gen chans pou mwen egzamine Fich ki gen Keson Moun Poze Souvan sou Health Home la, epi mwen te jwenn repons pou keson mwen yo, epi
2. Health Home la ak nenpòt moun mwen mete non yo nan Seksyon 2 fòm sa a kapab pataje enfòmasyon sou sante mwen jan li endike anwo a. Yo ka pataje enfòmasyon ki la anvan oswa apre dat mwen siyen fòm sa a.

Mwen kapab fè chanjman nan **Seksyon 2** ki nan fòm sa a nenpòt kilè. Si mwen fè chanjman, mwen dwe mete inisyal mwen ak dat la bò kote chanjman sa yo (oswa nan bwat ki dezinye a).

Mwen konprann fòm konsantman sa a, **Seksyon 2** a, ranplase lòt fòm konsantman pou pataje enfòmasyon Health Home, **Seksyon 2**, mwen ka te siyen anvan. Seksyon 2 a ap rete anvigè jiskaske:

- Mwen retire l, oswa
- Mwen pa kalife ankò pou yon Health Home, oswa
- Health Home la p ap fonksyone ankò, oswa
- Paran m, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a retire m nan pwogram Health Home la, oswa
- Mwen vin gen laj oswa mwen nan sitiyasyon pou m bay konsantman an poukout mwen (ranpli DOH-5055).

NON TIMOUN LAN AN LÈT DETACHE

DAT NESANS TIMOUN LAN

SIYATI TIMOUN LAN

DAT

EKRI NON RESPONSAB SWEN HEALTH HOME LA AK LÈT DETACHE

DAT

EKRI SIYATI RESPONSAB SWEN HEALTH HOME LA AK LÈT DETACHE